

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa téh mangrupa alat pikeun komunikasi. Basa ngawujud tina dérétan sora anu miboga sistem ngaliwatan alat ucap katut pangdéné di antara anggota kelompok masarakat nu tangtu. Ngaliwatan basa manusa bisa ngayakeun komunikasi, silih tukeur pangalaman, nepikeun gagasan/idé, pamadegan, ngedalkeun eusi haténa atawa rasa, kahayang jeung imajinasina.

Pangajaran basa Sunda mibanda opat kaparigelan basa anu baris diajarkeun ka siswa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis anu kudu luyu jeung aturan-aturan tata basa. Ngaregepkeun jeung nyarita mangrupa kagiatan primer, sedengkeun maca jeung nulis mangrupa kagiatan sekunder. Dina kahirupan sosial maca jeung nulis téh geus nuduhkeun peranan nu kawilang gedé. Sakabéh kamampuan éta bisa ngajadikeun siswa miboga kahirupan jeung posisi nu leuwih hadé di masarakat ka hareupna. Kukituna, siswa kudu miboga kamampuh dina sakabéh aspék kaparigelan basa.

Salah sahiji aspék kaparigelan basa téh nya éta nulis. Nulis nya éta salah sahiji kaparigelan basa pikeun ngayakeun komunikasi sacara teu langsung. Komunikasi ngaliwatan basa mangrupa prosés produktif jeung éksprésif pikeun nepikeun gagasan, idé, pamadegan, pikiran, jeung kahayang di antara nu ngagunakeunana. Nu ngagunakeun basa kudu parigel dina ngagunakeun lambang-lambang grafis, struktur basa, jeung kabeungharan kecap. Kaparigelan nulis moal

datang kitu baé, tapi kudu ngaliwatan latihan jeung prakték..“*Menulis seperti halnya ketiga keterampilan lainnya, merupakan suatu prosés perkembangan. Menulis menuntut pengalaman, waktu, kesempatan, latihan, dan keterampilan-keterampilan khusus (Tarigan, 1985:4).*”

Satuluyna dipedar tujuan pangajaran nulis lantaran luyu jeung panalungtikan anu rék dilaksanakeun nya éta model pangajaran nulis.

Numutkeun Peck jeung Schulz nu dicutat ku H.G Tarigan (1983:9), tujuan pangajaran nulis nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Membantu para siswa memahami bagaimana caranya ekspresi tulis dapat melayani mereka, dengan jalan menciptakan situasi-situasi di dalam kelas yang jelas memerlukan karya tulis dan kegiatan menulis.
- 2) Mendorong para siswa mengekspresikan diri mereka secara bebas dalam tulisan.
- 3) Mengajar para siswa menggunakan bentuk yang tepat dan serasi dalam ekspresi tulis
- 4) Mengembangkan pertumbuhan bertahap dalam menulis dengan cara membantu para siswa menulis sejumlah maksud dengan sejumlah cara dengan penuh keyakinan pada diri sendiri secara bebas.

Dumasar kana katerangan di luhur, tétéla yén pangajaran nulis téh lain ngan ngawanohkeun siswa kana tiori tulis-tinulis tapi ogé ngajembaran pangaweruh siswa dina nulis, ngabébaskeun para siswa sangkan miboga idé/gagasan, pamadegan jeung kahayang anu aya dina pikiranana dina wangun tulisan sangkan kaharti ku nu maca, sarta boga kamampuh dina ngagunakeun basa nu bener tur luyu jeung aturan-aturan basa.

Dina pangajaran nulis, tangtuna guru miboga peran anu kawilang gedé, sabab salian méré pangaweruh ngeunaan hal tulis-tinulis, guru ogé kudu bisa ngaping para siswa dina prakna ngalaksanakeun pangajaran nulis anu nyoko kana Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan atawa disingget KTSP téa. KTSP miboga wangenan nya éta *“kurikulum operasional nu disusun jeung dilaksanakeun di masing-masing satuan pendidikan sarta dimekarkeun ka sakola jeung komite sakola, miboga pedoman kana standar kompetensi lulusan jeung standar eusi sarta paduan panyusunan kurikulum nu dijieun ku BNSP.”*

Salah sahiji bahan pangajaran nulis nu perlu diajarkeun ka para siswa nya éta nulis karangan éksposisi. Ieu pangajaran téh ditepikeun di kelas tujuh SMP, sangkan siswa bisa nepikeun idé, nerangkeun poko pikiran, sarta méré pangaweruh ngeunaan hiji hal, boh pikeun manéhna sorangan boh pikeun nu maca.

Pangajaran nulis karangan éksposisi boga tujuan sangkan siswa parigel dina nepikeun jeung ngaéksprésikeun paninggal, pikiran jeung pangalaman ku cara aktif jeung kréatif. Salian ti éta pangajaran nulis karangan éksposisi bisa ngahudang karep, karesep, jeung sikep nu hade kana pangajaran nulis hususna nulis karangan éksposisi.

Sakabéh tujuan pangajaran nulis di luhur, tangtuna teu leupas tina peran guru dina kagiatan diajar ngajar nulis karangan éksposisi. Guru kudu parigel dina ngatur kelas jeung dina prakna nepikeun bahan ajar, guru diperedih parigel dina nyiptakeun situasi kelas nu matak pikabetaheun siswa (Lismawati, 1994).

Tarékah pikeun nyumponan pamedih di luhur nya éta ku jalan nyiptakeun hiji model pangajaran nu cocog sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran di mana dina nangtukeun hiji modél anu rék dipaké téh kudu ningali heula karakteristik jeung tujuan éta modél.

Salah sahiji modél pangajaran nya éta *Picture and Picture*. Ieu model méré kasempetan ka murid pikeun mérélekeun gambar jadi runtuyan gambar nu sistematis sacara bagilir. Dina pangajaran nulis karangan éksposisi siswa bisa nuliskeun runtuyan gambar nepika jadi hiji tulisan nu logis tur informatif.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Nilik kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh diwatesanan ku:

- 1) cara ngagunakeun éjahan, ngawengku nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, jeung ngalarapkeun tanda baca.
- 2) eusi karangan, ngawengku cara mekarkeun eusi karangan, kasaluyuan idé/gagasan, jeung prosédur léngkah-léngkah atawa prosés sacara sistematis.
- 3) paragraf, ngawengku cara mekarkeun paragraf, patalina antar paragraf, jeung bagéan-bagéan eusi sarta susunan paragraf.

1.2.2 Rumusan masalah

Sangkan watesan masalah jéntré tur sipatna husus, bisa dirumuskeun ku patalékan-patalékan saperti kieu:

- 1) kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa saméméh dilaksanakeun modél pangajaran *Picture and Picture*?
- 2) kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa sabada dilaksanakeun modél pangajaran *Picture and Picture*?
- 3) kumaha kaéféktifan modél pangajaran *Picture and Picture* dina nulis karangan éksposisi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan, nya éta ngadéskripsikeun :

- 1) kamampuh nulis karangan éksposisi siswa saméméh dilaksanakeun modél pangajaran *Picture and Picture*.
- 2) kamampuh nulis karangan éksposisi siswa sabada dilaksanakeun modél pangajaran *Picture and Picture*.
- 3) éféktifitas modél pangajaran *Picture and Picture* dina nulis karangan éksposisi.

1.4 Mangpaat panalungtikan

Hasil tina ieu panalungtikan téh dipiharep aya mangpaatna. Eta mangpaat téh diantarana :

1.4.1 Sacara Téorétis

Ngeuyeuban hasil panalungtikan ngeunaan nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture*.

1.4.2 Sacara Praktis

Pikeun guru

1. Bisa dijadikeun alternatif modél pangajaran di kelas sangkan bisa ngaronjatkeun minat siswa kana mata pelajaran basa Sunda jeung kualitas pangajaran.
2. Ngabantu guru sangkan bisa mekarkeun kaparigelan dina ngajar pangajaran nulis karangan éksposisi.

Pikeun Siswa

1. Ngalatih siswa sangkan bisa mekarkeun basa jeung pangaweruh anu dipibanda dina wangun karangan éksposisi.
2. Siswa bakal leuwih telik dina ngagunakeun basa tinulis.
3. Pikeun ngayakinkeun siswa yén mata pelajaran basa Sunda téh pikaresepeun.

1.5 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih babari dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, leuwih ti heula baris diterangkeun sacara operasional istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, nya éta saperti ieu di handap.

1) Modél Pangajaran

Modél pangajaran nya éta pamarekan ngajar atawa cara guru dina mekarkeun kagiatan siswa dina lumangsungna kagiatan diajar ngajar (Sudjana 1988:8).

2) Nulis

Nulis nya éta nyieun aksara atawa angka dina kertas jeung sajabana ku parantina (LBSS, 1985:540). Nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi (Tarigan, 1985:21).

3) Karangan Eksposisi

Karangan éksposisi nya éta salah sahiji wangun tulisan anu nerangkeun jeung ngarundaykeun hiji poko pikiran anu miboga tujuan pikeun ngajembaran pangaweruh nu maca (Gorys Keraf, 1982:3). Karangan Eksposisi nya éta karangan anu medar hiji pasualan anu eusina dimaksudkeun pikeun méré penjelasan ngeunaan hiji subjék éta ka nu maca. Méré gambaran anu salengkep-lengkepna ngeunaan subjék éta ka nu maca (Ch. Suyanto 1988 :71).

4) Siswa

Murid nya éta jalma nu keur guguru, anu keur diajar di sakola (LBSS, 1992 :321). Dina ieu panalungtikan siswa dijadikeun objék, sarana pikeun meunangkeun data ngeunaan kamampuh anu dipimilik ku manéhna, hususna dina nulis karangan éksposisi.

5) SMP

SMP nya éta salah sahiji lembaga pendidikan formal anu ngatik jeung ngadidik sajumlahing siswa ku rupa-rupa pangaweruh jeung kaparigelan. Dina ieu panalungtikan, dijadikeun tempat panalungtikan lantaran dumasar

kana KTSP yén pangajaran nulis karangan éksposisi téh diajarkeun pikeun siswa kelas tujuh SMP.

- 6) Modél *Picture and Picture* mangrupa salah sahiji modél pangajaran anu léngkah- léngkah gawéna saperti ieu di handap.
 - a. Guru nerangkeun kompetensi nu kudu dihontal ku siswa.
 - b. Guru méré matéri salaku panganteur pembelajaran.
 - c. Guru ningalikeun gambar-gambar kagiatan anu aya hubunganana jeung matéri pembelajaran.
 - d. Guru nunjuk siswa sacara bagilir pikeun ngurutkeun gambar-gambar jadi urutan anu logis.
 - e. Guru nanya alesan runtuyan gambar anu geus disusun ku siswa.
 - f. Tina alesan urutan gambar éta guru méré matéri saluyu jeung jeung kompetensi anu hayang dihontal.
 - g. Guru macakeun kacindekan.

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta salah sahiji bebeneran, tiori atawa pamadegan nu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan anu geus teu dipasualkeun deui bener atawa salahna sarta prinsipna bisa ditarima ku sakumna jalma kalawan teu perlu diuji deui (Suyatna, 1994:3). Patalina jeung pamdegan di luhur, anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap :

- 1) Pangajaran nulis karangan éksposisi aya dina KTSP.

- 2) Modél pangajaran *Picture and Picture* bisa diterapkeun dina pangajaran nulis karangan éksposisi.
- 3) Modél pangajaran dipaké ku guru dina proses diajar ngajar.
- 4) Pangajaran nulis karangan éksposisi cocogna dina bentuk latihan lain ngan saukur méré téori ka siswa.

1.7 Hipotésis

Hipotésis nya éta jawaban saheulaaneun kana masalah panalungtikan anu benerna kudu diuji ku cara émpiris.

Hipotésis ieu panalungtikan nya éta ayana paningkatan kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII SMP 15 Bandung sabada ngagunakeun modél *Picture and Picture*.

1.8 Populasi jeung Sampel

1.8.1 Populasi

Populasi nya éta objék atawa subjék anu aya dina hiji wilayah jeung saluyu nyumponan sarat-sarat anu tangtu patali jeung masalah panalungtikan. Populasi aya hubunganana jeung data, lain manusa atawa objékna (Nazir, 1983 : 327).

Anu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh nulis karangan éksposisi siswa SMP kelas VII.

1.8.2 Sampel

Sampel nya éta bagian tina populasi anu miboga ciri-ciri atawa kaayaan nu tangtu anu baris ditalungtik.

Ieu panalungtikan make teknik sampel, téknik sampel anu dipaké nya éta téknik *purposive sample* kusabab kawatesanan ku waktu, tanaga jeung dana. Jadi sample anu dicokot ukur dua kelas nya éta kelas ékspérimén jeung kelas kontrol.

1.9 Méthode jeung Téknik Panalungtikan

1.9.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode ékspérimén.

Ciri-ririna nya éta :

1. Secara khas dalam penelitian eksperimental menggunakan kelompok kontrol sebagai “garis besar” untuk dibandingkan dengan kelompok yang dikenai perlakuan (interfensi) dalam pelaksanaannya.
2. Dalam rancangan yang klasik, semua variabel yang penting diusahakan agar konstan, kecuali variable perlakuan yang secara sengaja dimanipulasikan atau dibiarkan bervariasi.
3. Memusatkan usaha pada pengontrolan variasi (Suyatna, 2002:17).

Tujuanana nya éta pikeun néangan hubungan sebab akibat, ku cara make hiji atawa leuwih kelompok ékspériméntal, hiji atawa euwih kondisi perlakuan ogé ngabandingkeun hasilna jeung kelompok kontrol.

Ku kituna, méthode ékspérimén nya éta pikeun ningali pangaruh modél *Picture and Picture* ka siswa nu tangtu.

1.9.2 Téknik Panalungtikan

Téknik nu dipaké nya éta :

a) Téknik ngumpulkeun data (tés)

Téknik ngumpulkeun data (tés) dilaksanakeun saméméh jeung sabada uji coba modél pangajaran nulis karangan éksposisi nu make métode latihan. Tés awal (pra tes) maksudna pikeun mikanyaho gambaran awal kamampuh siswa saméméh siswa dibéré téori ngeunaan téori nulis. Sedengkeun tés ahir (pasca tes) dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil ahir diajar siswa sabada uji coba modél pangajaran nulis karangan éksposisi nu make métode latihan.

Sabada ngalaksanakeun tés tuluy ngolah data anu geus asup. Dina ngolah data aya sababaraha léngkah anu kudu dipigawé, diantarana :

1. Mariksa jeung milih data nu asup. Dina waktu mariksa data, kudu dikaji heula katangtuan atawa kaidah anu dijieun.
2. Kalsifikasi data. Hartina ngelompokkeun data atawa milih-milih data anu geus kakumpul dumasar kamna jenisna (*kualitatif/ kuantitatif*), instrumen nu digunakeun (*obsérvasi, interview, kuesioner, atawa tés*), sarta tujuan panalungtikan nu hayang dihontal.
3. Tabulasi data. Tabulasi data nya éta ngalaporkeun kabéh data dina wangun tabél (*univariat, bevariat, multivariate, histogram, polygon, jeung ogive*), data ogé dilaporkeun ku cara ngagunakeun “coding form” jeung “coding sheme”. Tabulasi data bisa disaluyukeun jeung kaayaan ogé kabutuhan dina waktu ngalaporkeun panalungtikan.

4. Téknik analisis. Dina gurat badagna, téknik analisis data aya dua, nya éta analisis statistik jeung analisis non statistik. Ieu ogé gumantung kana datana. Lamun datana mangrupa data kuantitatif, ngolahna kudu ngagunakeun analisis kuantitatif. (Suyatna, 2002:25).

